



Avi DCF mwen an di benefis Medicaid ap fini, kisa mwen ka fè?

E si repons mwen jwenn nan pa kòrèk swa pou tèt mwen ak/ oswa lot moun lakay mwen? Ou ka mande yon odyans. Videyo sa a eksplike ki moun nan fanmi an ki ta dwe rete kalifye pou Medicaid.

Kouman mwen ka asire ke benefis Medicaid pap sispann? Si ou soumèt demann odyans ou an avan dat avi a di benefis Medicaid yo ap fini, avantaj yo ap kontinye omwen jiskaske desizyon odyans lan. Pa egzanp, ou te resevwa yon avi ki gen dat 20 me 2023 ki di Medicaid ap fini nan dat 31 me 2023 pou pitit ou paske "ou fin revni." Apre ou fin gade videoyo a ou konnen pitit ou yo kalifye pou Medicaid. Si ou depoze apèl ou anvan 31 me, asirans Medicaid yo ap kontinye san entèripsyon.

Kisa k ap pase si mwen kontinye resevwa Medicaid annatandan apèl mwen an, epi mwen pèdi? Malgre avi a di ou pral responsab pou ranbouse benefis kontinyèl yo si desizyon odyans lan pa an favè ou, anba règleman DCF ou ta sèlman oblige ranbouse benefis pou Medicaid ki gen rapò ak fanmi an si yon tribinal jwenn ou komèt fwod.

E si mwen pa fè apèl anvan dat pwoteksyon Medicaid fini? Ou ka toujou soumèt yon demann odyans apre benefis yo fini, **jiska 90 jou apre dat la nan tèt let yo te baw repons la** (pa dat benefis yo te fini). Benefis ou yo ap fini nan dat ki endike nan avi a, men yo pral reyentegre si ou genyen apèl la. Li enpòtan pou depoze yon apèl si revokasyon an pa kòrèk epi ou vinn gen bòdwo medikal. Sèl fason pou jwenn ranbousman se si ou jwen sikse nan demann appel ou a.

Ki pi bon fason pou w mande yon apèl sou desizyon an? Apèl yo ka mande plizyè fason, tankou rele DCF, poste yon demann oswa ale nan yon biwo DCF, men li pi bon pou swa ranpli yon Demann sou entènèt isit la oswa lè ou voye yon imèl bay appeal.hearings@myflfamilies.com. Si ou vle konsèy sou apèl ou a, ou ka kontakte yon pwogram èd legal nan zòn ou an (lyen sa a gen enfòmasyon kontak pwogram). Oswa ou ka soumèt fòm sa a sou entènèt epi voye yon kopi avi refi ou bay Pwojè Jistis Sante Florida a nan imèl sa a: help@floridahealthjustice.org.

Kisa ki pral rive apre mwen depoze yon apèl sou desizyon an? Yon sipèvizè DCF ka kontakte w apre ou fin deklare apèl la pou diskite sou ka w la. Ou ta dwe dakò pou retire apèl ou a si ou konplètman satisfè ak eksplikasyon an ak/oswa chanjman reprezantan DCF la ofri w.

Kisa mwen ta dwe fè si avi DCF la di Medicaid ap fini akòz "Li pa ka renoukle"? Si rezon ki fè la pou revokasyon an se ke ou pa t'soumèt enfòmasyon ki nesesè pou detèmine kalifikasyon epi ou kwè ou toujou kalifye, ou ta dwe soumèt enfòmasyon yo mande yo menm si ou te ranpli yon apèl. Ou gen 90 jou apati dat Medicaid ou fini pou fè sa, san ou pa bezwen ranpli yon nouvo aplikasyon.

E si mwen bezwen èd ak renouvèlman mwen an? Ou ta dwe kontakte yon navigatè lokal yo. Enfòmasyon kontak se isit la epi ou ka mande yon randevou isit la.